# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
# ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ
# БУЙРЫҒЫ

**Баслаўыш таяныш коррекцион класларда оқытылатуғын жеке тәртипте билим алыўға мүтәжлиги болған балалар ушын үлги адаптив билим бағдарламаларын тастыйықлаў ҳаққында**

Өзбекстан Республикаси Президентиниң 2020-жыл 13-октябрь күнги “Жеке тәртипте билим алаўға мүтәж болған балаларға тәлим-тәрбия бериў системасын және де жетилистириў ҳаққында ис-илажлар ҳаққында”ғы ПҚ-4860-санлы қарары менен тастыйықланған “2020-2025-жылларда халық билимлендириў системасында инклюзив тәлимди раўажландырыў концепциясын 2020-2021-жылларда амелге асырыў бойынша “Жол карта”сының 12-пунктиниң ҳәм Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 22-апрель күнги 121-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

БУЙЫРАМАН:

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигинин 2021-жыл 22-апрель күнги “Баслаўыш таяныш коррекцион класларда оқытылатуғын жеке тәртипте билим алыўға мүтәжлиги болған балалар ушын үлги адаптив билим бағдарламаларын тастыйықлаў ҳаққында” 121-санлы буйрығы орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Баслаўыш таяныш коррекцион класларда оқытылатуғын жеке тәртипте билим алыўға мүтәжлиги болған балалар ушын үлги адаптив билим бағдарламаларын қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Балаларды социаллық қорғаў ҳәм қоллап-қуўатлаў бөлими (А.Аймуратов), Педагогикалық-психологиялық диагностика жумысын шөлкемлестириў Секторы (Э.Нуртаев), Методикалық хызмет бөлими (А.Еримбетов) ҳәм Республикалық оқыў-методика Орайы (Қ.Жубанов) баслаўыш таяныш коррекцион класларда оқытылатуғын жеке тәртипте билим алыўға мүтәжлиги болған балалар ушын үлги адаптив билим бағдарламаларының өзлестирилиўин қадағалаў ҳәм нәтийжелерин есапқа алған ҳалда унамлы тәжирийбени республиканың басқа аймақларында басқышпа-басқыш енгизиў илажларын көрсин.

4. Барлық қалалық, районлық халық билимлендириў бөлимлери баслықларына:

- бир ҳәпте мүддетте усы буйрықты 2021-2022-оқыў жылынан баслап тәжирийбе-сынаў өткерилетуғын баслаўыш таяныш коррекцион класлар шөлкемлестирелетуғын улыўма орта билим бериў мектеплерине жеткериў;
- белгиленген улыўма орта билим бериў мектеплеринде 2021-2022-оқыў жылынан баслап тәжирийбе-сынаў өткерилетуғын баслаўыш таяныш коррекцион класлар жумысын усы буйрық пенен тастыйықланған үлги адаптив билим бағдарламалары тийкарында шөлкемлестириў ҳәм усы билим бағдарламаның толық орынланыўын тәмийинлесин.

5. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а. Қ.Бекбаулиевқа жүклensин.

**Министр Р.Реимов**

№ 123
«12» май 2021-жыл